

# ENFÒMASYON SOU PWOGRAM ENTEGRASYON LOKAL LA.



**Pwogram Entegrasyon Lokal la pou bay fanmi ayisyen yo yon lòt opòtinite pou yo viv Meksik nan objektif pou yo ka vin endepandan epi fè pati sosyete a, konsa yo kapab konstwi vi yo nan peyi Meksik.**

## FANMI W KALIFYE POU PATISIPE NAN PWOGRAM ENTEGRASYON LOKAL LA SI...

- Moun nan fanmi w yo se ayisyen, epi;
- Omwen yon manm fanmi an gen plis pase 18 an, li gen kat vizitè pou rezon imanité (TVRH), epi li dispoze travay e li kapab travay.

## Men lòt moun ki ka patisipe nan Pwogram Entegrasyon Lokal la:

- Moun ki gen dokiman ki montre COMAR rekonèt yo, men ki poko fè demach rezidans pèmanan.
- Moun ki fè demann pou yo vin gen estati refijye ki gen kat Vizitè pou Rezon Imanité (TVRH) ak CURP tanporè.
- Moun yo rekonèt kòm refijye, oubyen moun ki resevwa lòt kalite èd nan COMAR e ki gen rezidans pèmanan.

## Sonje!

- Ou pa oblije pale espanyòl pou w aplike nan Pwogram Entegrasyon Lokal la.

## 3 etap ou dwe swiv pou w ka aplike nan Pwogram Entegrasyon Lokal la.

**1**

### Pran yon randevou! Rele biwo ACNUR la.

Ou ka poze kesyon tou ak moun k ap travay nan Kay refijye (PCR) oswa Komite entènasyonal pou sekou (IRC), Komisyon Meksiken pou Asistans Refijye (COMAR), oswa Enstiti nasyonal pou imigrasyon (INM).

**2**

### Ale nan entèvyou nan ACNUR.

Pou yo ka egzamine ka w la, y ap pale avè w sou divès posibite ki genyen yo pou yo ka wè si ou menm ak fanmi w kapab patisipe nan Pwogram Entegrasyon Lokal la. Li enpòtan pou w fè nou konnen nenpòt bezwen espesyal oswa sitiyasyon ki enpòtan nan ka pa w la, konsa n ap ka pi byen ede w.

**3**

### ACNUR ap kontakte w.

Aprè entèvyou a, y ap fè w konnen si ou menm ak fanmi w kalifye pou patisipe nan Pwogram Entegrasyon Lokal la.



## AVANTAJ PWOGRAM ENTEGRASYON LOKAL LA BA OU.

- Si w nan zòn fwontyè sid peyi Meksik, y ap bay ou menm ak fanmi w mwayen transpò sou tè pou nou ka ale nan vil yap entegre nou an.
- Y ap ba w on ti kòb pou w achte manje pandan vwayaj la.
- Y ap ba ou kote pou w rete pandan on tan ki varye selon ka chak moun annatandan ou jwenn yon kote pou w viv an pè.
- Y ap ba w yon ti kòb yon sèl fwa pou ka ede w kouvri bezwen de baz yo pandan premye mwa w nan vil la.
- Kantite kòb yap ba ou a depann de kantite moun ki nan fanmi an.

## Anplis de sa, y ap ban nou konsèy ak akonpayman pou n kapab:

- Chèche travay fòmèl.
- Chèche posibilite travay pou moun ki vle travay epi posibilite etid pou moun ki vle kontinye etidye.
- Jwenn swen sante.
- Antre nan lekòl leta.
- Sètifye etid oswa jwenn yon mizanivo akademik pou moun ki gen plis pase 15 an.
- Jwenn aksè a pwogram sosyal, tankou yon bank alimantè, aktivite kiltirèl, espò ak bous etid.
- Fè demach nan imigrasyon (epi jwenn èd legal gratis si sa nesèsè).

## PA BLIYE! SE RESPONSABLITE W

- Pou w chèche travay ak kote pou w rete nan nouvo vil w ale a.
- Souke kò w epi byen pwofite opòtinite ak sèvis pwogram nan bay yo.
- Pwoteje dokiman w yo, epi byen jere ti kòb yo ba w la.



**Pou plis enfòmasyon oswa kesyon, ou ka rele gratis nan 800 226 8769, oswa; Ou ka kontakte biwo w la dirèkteman:**



**HOGAR** ES DONDE TÚ ESTÁS

